RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
Un Peuple - Un But -, Une Foi
MINISTÈRE DE L'HYDRAULIQUE ET DE L'ASSAINISSEMENT

AB YËGLE

Ndakaaru, 27i fani oktoobar 2026

Grand Transfert d'Eau (GTE) : sémb wi day wéy, te liggéey yi jëm ci gën a ñoŋal "Lac de Guiers" bi dinañu door fii ak njeextalu 2026

Ginnaaw yenn kàddu yi ñu jibal ci pénc mi, rawatina ci lu ñeel càmbarug sémbu sàrtu joyyanti koppar (LFR) yu 2026, tey xamle ne yenn sémb yu mag yi dañu leen génne ci naali Nguur gi, Njëwriñu Ndox mi ak Asanismaa bi bëggoon a dalal xeli Saa-Senegaal yi, góor ak jigéen, ñi askan wi fal ak way-lëngoo ñi ak Nguur gi.

Sémbu Grand Transfert d'Eau (GTE) **dindiwuñu ko, dakkalandiwuñu ko itam.** Day wéy niki ñu ko nisaree woon ca njëlbeen ga, te dina séqi ab jéego bu am solo balaa njeextalu at mii ak ndoortel liggéey yi njëkk ci wàll wi.

1. Sémb wu am solo ci "Agenda national de Transformation Sénégal 2050" bi

Mu bokk ci keno yi gën a am solo ci mbébetu Xàlli Ndox yi, GTE bii dafa doon naal bu am solo ngir soppi bu baax xar-kanamu koom mi, gën a dooleel jot cim ndox ak suqaliku gu yamale ci gox yi. Mu ngi séddalikoo ci ñaari fànn yuy mottalante :

- **céddaleg ndox mi,** ñu tënk ko ci lëngoo diggante piblig ak piriwe ànd ko ak kër gii di **"**Fonds souverain d'Investissements stratégiques (FONSIS)" gi war a moom 51% ci kàppitaal bi. Mu am benn bànqaas bu mag buy lëkkale Ndakaaru-Cees-Mbuur, benn bànqaas bu jëm Tuubaa, niki noonu ay warab yu ñu waajal ngir jagleel leen wàllu mbay mi ci Ñaay bi ak dëkk yi muy jaar;
- **benn sàntaraal buy doxee jant bu 300 MW**, bu war a yor kuraŋu sistem bi, ngir mu man a moom boppam ci wàllu kuraŋ ;
- **yóbbu tuubaa ndox mu sell**, ñu dénk ko kër gii di "Société nationale des Eaux du Sénégal (SONES)" ci wàllu doxal gi ak taxawalug EPC+F ci finaasmaa bu woyof : kondiwitu ndox bu ñuy sof ci bànqaas bu mag bi dale ko Pekkees, benn isin buy togg ndox mi, ay mbànni ndox ak réso bu bees ci wàllu céddaleg gi ;
- **yóbbu ndox mu sell ci kaw gi**, ñu dénk ko OFOR, mu ñeel mbooleem dëkk yi kondiwit bi di jaar, te tay ñuy dund ak ndox mu baaxul miy bawoo ci fooraas yi ;
- **yóbbu ndox mi ci Ñaay bi**, di xolu réew mi ci wàllu mbayum lujum, ak fexe ba ndox mu daj lu jege 12 000i ektaar ci ay tool.

2. Nisaru njël lu ñu gën a méngale ak doxiinu sémb wi

Joyyanti yi ñu ci amal ci wàllu LFR 2026 bi, te ñu war leen a wéyal ci sémbu sàrtu ndoortel koppar yi (LFI) ñeel 2027, tekkiwul benn yoon ne dañu koo bàyyi. Day wane rekk ag yoriin wu gën a ñoŋ ci finaas piblig yi, te mooy bind koppar yi ci jamono ji ñu leen man a dajale génne leen. Sémb wu amee nii solo day laaj ñu toftalante yëngu yi ci anam gu mucc ayib : yeggali gëstu yi, mbooleem doxaliin yi ci wàllu tànn, waxtaan ak tënk pas gi (ci anamug PPP, EPC+F, woote bu ubbiku ci ñépp, añs.) , xool ñi loru ci sémb wi te ñu war leen a jox ndàmpaay, niki noonu caytu gu wér ci diggante ñi ko séq. Li ñu nisaroon ci njël li rekk lañu tuxalaat ci wàllu arminaat bi ñu ko war a jëmmal, lépp ngir fexe ba koppar yi ñu ci war a dugal man a jàppandi ci jamono ji ñu ko soxlaa.

GTE bi ba leegi ci yitte yi gën a ñor ci Nguur gi la bokk. Yëngu yi jëm ci dajale koppar yi ànd ko ak sunu way-lëngoo yi ak dugalkati xaalis yi ci piriwe bi, ñu ngi wéy, ñu boole ko ak doxaliin yi jëm ci yëraat ak jàllale, lépp ngir liggéey yi jëm ci yóbbu gi man a door ci biir atum 2027.

2. Lac de Guiers : liggéey yi jëm ci gën a ñoŋal ndox mi dinañu door fii ak njeextalu atum 2026

Ci anam gu méngoo ak li **Njiitu Réew mi Basiiru Jomaay Jaxaar FAY jaayante,** liggéey yi war a jiitu ci GTE bi dinañu leen door balaa njeextalu atum 2026. Jubluwaay bi mooy gën a ñoŋal “Lac de Guiers” bi doon balluwaayu sémb wi, te séddalikoo ci :

- yeesalaatug jumtukaayu Risaartool biy sottil dex gi jële ko ci dexu Senegaal jaare ko ci kanaal bu Tawey ;
- liggéeyi xóotal (ca CSS, ca Pax ak ca Bontu Bat), te jëm ci gën a yokk dooley ndox mi ca dex ga ak gën a yokk dooleem ci wàllu téyee ndox mu bari.

Bànk Monjaal nag mooy kopparal liggéey yu mag yii. Te dinañu tax ba balluwaayu ndox bii GTE bi di sukkandiku man a doon lu jàppandi te sell, waaye itam ñeel mbay mi ak askan wi dëkke ci wale bi.

3. Jéego yi ci waajtaay wi sori nañu lool ci fànn yépp

GTE bi daanaka matal na mboolem pàcc yi woon ci waajtaay wi :

- gëstu yi ci wàllu xarala (barab bi, li ñu soxla ci ndox, rëdd yoonu kanaal bu mag bi, warab yi estaasoo pomp yi di nekk ak togg gi, añs) ak kopparal gi lépp mat na, niki noonu mbooleem li aju ci wàllu kéew mi ak nekkiin wi ;
- ni ko yoon digalee ci pas yi ci wàllu piblig-piriwe, wayndarew sémb wi, tënk bi ci wàllu càmbar OIPR bi FONSIS-SINOHYDRO aajar niki noonu tënk bi ci wàllu xayma gi war (REP), yépp jébbal nañu leen bànqaas bii di “Unité nationale d’Appui aux Partenariats public-privé (UNAPPP)” ngir taataan gis-gisam ci wàllu xarala ;
- am nañu ci ag déggoo ak “Agence nationale de l’Aménagement du Territoire (ANAT)”, mu des kon ñu yoonal gi ñu nekk di amal te war a joxe balaa yàgg ndigalu barab bi sémb wi di nekk ;
- Liggéey bi jëmoon ci bind limub nit ñi sémb wi laal door nañu ko 21i fani oktoobar 2026 ci tund yu Ndar, Luga, Cees ak Njaaréem. Njuuref ya ca tukkee te ñu leen di séentu fii ak weeru sãawiye 2027, dinañu tax ñu man a xam limub koppar yi ñu war a dàmpee ñi ñuy yékkati ;

- bu dee wàllu Tuubaa, SONES matal na gëstu yi, ba jot a am ug déggoo ak Njëwriñu Koom mi, Koppar yi ak Palaŋ bi, ba yóbbu wayndare wi ci “Direction centrale des Marchés publics (DCMP)” boole ko ak jébbale tënk bu mujj bi ci gëstu yi mu amal ci njeexital yi ci wàllu kéew mi ak nekkiin wi (EIES). Warab yi war a dalal isin biy togg ndox mi ak mbànni ndox yi, yépp am nañu leen ba tegee leen wet ca dëkk bu sell ba di Tuubaa ;
- bu dee lu jëm ci jox ndox mu sell dëkk yi sémb wi di jaar, gëstuy APS yi ñeel 57i bokk-moomeel yu nekk ci yoon wi féete ci ñaari tund yii di Luga ak Cees, daal di nañuy mat.

5. Doxaliin wu ànd ak yëgoo ci GTE bi

Njëwriñu Ndox mi ak Asanismaa bi mooy doxal sémb wi, ànd ko ak MEFP, MEANT, UNAPPP, FONSIS, SONES, OFOR ak mbooleem ñi ko séq. Mooy saytu doxaliin wi ci liggéey bi, yëgoo gu wér ci yëngu yi ak sàmmonte ak jubluwaay yi ñu teg.

Njëwriñ gaa ngi woo ma-réew yi, ñiy yëngu ci wàllu koom ak partaneer yi ci wàllu xarala ak koppar, ñu wéy ci gunge mbébet mii doon lu amal njariñ réew mi, doon lu am njeexital yu am solo ci wàllu wér-gi-yaram, ci wàllu dund bi ak yamale ci gox yi, lépp ngir njariñu askan wi féete ci taax yi niki noonu ci kaw gi.

Ngir xibaar yu gën a leer, serwiisi Njëwriñ gi ubbil nañu seen bunt mbooleem nit ñi ak campeef yi mu yitteel..

Njëwriñu Ndox mi ak Asanismaa bi